

Lekòl Piblik nan Depatman Polk la Deklarasyon Misyon Patisipasyon Paran



Parent Involvement
"Building Relationships"

Pwogram Patisipasyon Paran Tit I nan Distri a ak nan Lekòl la nan Kanton Polk ap fè tout sa l kapab pou
BATI RAPÒ

Pou kreye angajman fanmi reyèl pou **chak** timoun,
Chak fanmi, **chak** pwofesè, **chak** jou.

Ki Sa Patisipasyon Paran ye?

Patisipasyon paran vle di paran ap patisipe nan kominikasyon **regilye, paran ak lekòl la** epi kominikasyon ki gen sans, konsènan aprantisaj akademik pitit yo ak lòt aktivite nan lekòl la.

Angajman paran yo nan aktivite edikasyon pitit yo enpòtan pou amelyore siksè pitit yo nan lekòl la. Edikasyon yon elèv se yon responsablite lekòl la ak fanmi timoun nan pataje ansanm diran tout karyè lekòl elèv la nan distri nou an.

Lekòl nan Depatman Polk la yo pral ankouraje e sipòte patisipasyon paran k'ap pote kole yon fason pou paran ak lekòl la travay ansanm kòm asosye nan edike pitit yo.

Lalwa Piblik 107-110 mande tout lekòl ki fè pati pwogram Tit I yo pou yo:

- 1) Patwone yon reyinyon anyèl pou paran yo nan lide pou enfòmasyon sou lwa Tit I yo epi kouman lwa sa yo sipòte edikasyon pitit yo.
- 2) Envite paran yo pou yo pasipe nan devlope e/oswa ekri e revize Plan Patisipasyon paran (PIP) epi nan pake kontra paran-lekòl la.
- 3) Mete seyans fòmasyon ak atelye pou fòmasyon paran yo e pou ogmante siksè elèv yo epi ankouraje patisipasyon aktif paran yo nan edikasyon pitit yo.
- 4) Itilize yon pousantay nan lajan Tit I lekòl la pou òganize yon pwogram pou sipòte paran yo. Komite Konsèy Lekòl la ap bay dizon l nan chache kouman lajan Tit I an pral itilize.

Etap pou yon pwogram Tit I revisi

- 1) Pou ogmante **siksè elèv** yo e mete enstriksyon efikas,
 - A) Yo itilize itilize yon **evalyasyon jeneral bezwen** yo yon fason pou wè ki sa chak elèv bezwen pou satisfè kondisyon lekòl la mande yo.
 - B) Yo fè **Planifikasyon** yon fason pou yo decide ki meyè fason pou satisfè bezwen yo idantifye nan evalyasyon yo.
 - C) **Sipò ak materyèl** k'ap satisfè pi byen bezwen yo idantifye pou tout elèv yo.
 - D) Yo fè **revizyon ak evalyasyon** pou wè si gen amelyorasyon epi pote chajman ki nesè.
- 2) **Yo mete aktivite refleksyon pou pwofesè yo** yon fason pou yo resevwa antrènman pou ede elèv yo nan bezwen espesyal yo genyen.
- 3) **Angajman paren ki sou pye** atravè kominikasyon, aktivite akademik epi lòt aktivite lekòl la ap òganize. Lekòl la dwe mete disponib plan patisipasyon paran an ak bwochi rezime yo pou tout paran ak manm kominote lokal la. Yo dwe mete paran yo nan desizyon ak evalyasyon pwogram Tit I distri a ak lekòl.

Aktivite pou Bati Kapasite


Distri a bay lekòl Tit I yo enfòmasyon, sipò ak aktivite k'ap ede yo edike ekip lekòl yo a, yon fason pou yo travay nan tèt kole avèk paran yo, epi pou yo ankouraje angajman fanmi yo nan edikasyon pitit yo, nan lide pou ogmante siksè pitit yo lekòl la. Bagay sa yo ka gen ladan yo: kreye lekòl ki pou atire fanmi yo, itilize teknoloji, kominike byen ak paran yo, bay konsèy sou òganize rankont ak paran yo epi sou lòt sijè enpòtan.

Lekòl yo òganize atelye akademik pou paran yo kote yo ba yo dat ak lè k'ap bon pou yo, e yo ba yo materyèl ak sipò nan divès lang. Atelye yo baze sou bezwen lekòl la ak paran yo e yo dwe bay paran yo divès kalite materyèl ak zouti pou ede yo travay ak pitit yo lakay yo. Lekòl yo fè jefò pou yo pa kite okenn baryè anpeche aktivite atelye yo nan bay manje, transpò, gadri ak tradiksyon pou paran yo k'ap patisipe nan atelye yo, yon fason pou ankouraje paran yo pou yo vini nan atelye yo.

Sit entènèt lekòl la bay paran yo enfòmasyon ansanm ak yon ralonj sou sit entènèt distri a. Sit entènèt lekòl la ap gen ladann tou enfòmasyon sou atelye paran yo,

Fason ou kapab patisipe!

- Vini nan Reyinyon Anyèl Paran an, nan Jounen Pòt Ouvè a, nan oryantasyon ak nan lòt pwogram lekòl la ap òganize.
- Reyini ak pwofesè pitit ou epi toujou ap kominike avèk yo konsènan pwogrè pitit ou ap fè lekòl la. Vini nan rankont paran-pwofesè yo.
- Li plan patisipasyon paran an (PIP) epi siyen pake kontra lekòl la ki angaje lekòl la ak paran yo. Pake kontra a di men ki sa y'ap tann nan men lekòl la, paran yo ak pitit yo.
- Pote kole ak komite SAC, PTA/PTO oswa lòt òganizasyon nan lekòl la. Pwofite opònite volontè yo pou w travay kòm volontè nan lekòl ou.
- Fè sijesyon e ranpli fòm sondaj yo pou w ka ede nou amelyore travay nou.



Ekip Konsèy Paran yo (D-PAT)

D-PAT reyini chak ane lekòl (prentan/otòn) pou revize, reekri e/oswa repase enfòmasyon ki nan Plan Patisipasyon Paran nan Distri ak Rezime Bwochi yo. Reyinyon otòn nan fèt nan sal antrènman Tit I Distri a. Nan sezon prentan, D-PAT òganize senk (5) reyinyon reyjonal nan Depatman Polk la. Reprezantan Kontak Patisipasyon Paran chak lekòl Tit I jwenn envitasyon pou patisipe ansanm ak ekip paran yo nan lekòl pa yo. Tanpri wè ak biwo Tit I an oswa lekòl pitit ou a pou konfimen dat ak lokalm yo paske dat yo ap pwoche.

Nenpòt paran ki gen pitit li nan lekòl Tit I ap byenveni nan ekip la. Si w enterese vin manm D-PAT, tanpri kontakte Direktè a oswa kontak Patisipasyon Paran Tit I nan lekòl ou a. Ou ka kontakte tou Kòdonatè Patisipasyon Paran Tit I nan Distri a nan Biwo Tit I an nan 863-519-3603.

Ki sa Tit I ye?

Tit I se pwogram èd federal pou lekòl nasyon nou an pou rasire yo tout timoun jwenn opònite edikasyon kalite siperyè ki jis, egal e enpòtan. Tit I fè pati ESEA (Dwa Edikasyon Primè e Segondè) Prezidan Lyndon Johnson te siyen kòm lwa nan ane 1965. Nan mwa desanm 2001, Prezidan Bush te siyen "Lalwa Pa Dwe Kite Okenn Timoun Dèyè".

Bi pwogram Tit I se amelyore siksè elèv yo atravè;

- Enstriksyon efikas,
- Devlopman pwofesyonèl epi
- Patisipasyon paran.

LajanTit I yo se sipleman yo ye e yo itilize yo pou yo:

- ajoute pwofesè ki gen anpil kalifikasyon ak manm ekip soutyen lekòl la.
- Sipòte jefò patisipasyon paran yo ak kominote a.
- Mete materyèl ki pou ankouraje e sipòte paran yo pou yo vin pote kole nan edikasyon pitit yo.
- Mete akvite fòmasyon pou ekip lekòl la.
- Achte plis materyèl ak zouti enstriksyon enstriksyon.
- Ajoute teknoloji nan sal klas yo.

Kòdinasyon ak lòt pwogram federal

Pwogram Tit I kòdone jefò anpil lòt pwogram federal ap fè pou satisfè bezwen elèv nou yo ak fanmi yo. Pwogram sa yo gen ladan yo Tit I Pati C (pwogram pou Migran yo), Tit III (pou moun k'ap aprann Angle), Tit X (pou moun Sanzabri), Tit II (pou amelyore kalite pwofesè yo) e FDLRS (Sistèm Dyagnostik ak Sipò nan Florid) epi pwogram Preskolè Volontè.

Nou asosye ak lòt pwogram federal e ak òganizasyon kominotè ki pap fè pwofi pou nou òganize yon aktivite Inivèsite Paran nan prentan an ak nan lotòn nan.

Bis Koneksyon Liv Tit 1 an

Bis Koneksyon Liv la bay paran yo ak elèv yo twa (3) òdinatè ak entènèt ak kapasite pou yo fè fotokopi, sit Parent Portal, enskripsyon sou entènèt, liv leson gratis e kou iPad.

Bis Koneksyon Liv la gen yon orè chak semèn pou l vizite sant paran yo ak vwazinaj ou yo.

Tanpri vizite sit entènèt la pou dat, lè al lokal oswa rele Jacqueline Rose nan 863-647-4714.

Tit I/Pwogram VPK

Pwogram preskolè a ak pwogram Tit I an pral mete tèt yo ansanm pou yo bay yon jou lekòl konplè kòm pwogram pilòt pou timoun Preskolè yo. Chak sal klas Pre-K ap gen 18 elèv ki gen laj 4 lane e chak klas ap gen ladann yon pwofesè sètifye ak yon CDA (Asosye nan Devlopman Timoun).



Paran yo pap peye anyen pou pitit yo ki nan pwogram sa a k'ap pran timoun ki rete nan zòn pou yo patisipe nan pwogram Tit I. Pou w aplike, kontakte Biwo Pwogram Preskolè Polk la nan 863-648-3051 oswa vizite sit entènèt PCSB a pou plis enfòmasyon.

Misyon Lekòl Piblik nan Depatman Polk la se bay tout elèv yon edikasyon kalite siperyè

Sant Sipò Enfòmasyon pou Paran yo



Chak sant paran twouve li nan etablisman yon lekòl Tit 1. Yo ankouraje chak paran ki gen yon elèv nan yon lekòl Tit 1 pou patisipe nan sant ki pi pre kay yo a.

Sant paran yo chita nan etablisman lekòl sa a yo

Lekòl Primè Frost proof	863-635-8600
Lekòl Primè Sleepy Hill	863-815-6787
Lekòl Primè Combee	863-668-3035
Lekòl Primè Garner	863-965-5488
Lekòl Entèmedyè Mulberry	863-425-9288

Sant la yo ouvè

Lendi, mèkredi ak vandredi

7:30 AM to 3:00 PM (Sant nan etablisman lekòl primè yo)

8:00 AM to 3:30 PM (Sant nan etablisman lekòl entèmedyè yo)

Madi ak jedi

10:30 AM to 6:00 PM

or 12:30 PM to 8:00 PM (Pou kou apre midi yo)

Men kèk bagay sant yo ap ofri:

- Bwochi ak fèy ki bay enfòmasyon sou yon pakèt sijè
- Enfòmasyon sou sipò ki gen nan kominote a tankou ACCESS
- Materyèl pou w prete e itilize lakay la avèk pitit ou
- Bibliyotèk Sipò pou Paran yo
- Materyèl pou Preparasyon FCT/SAT
- Gid pou w etidye pou egzamen GED ak enfòmasyon sou lekòl moun majè yo
- Vizit Books Bridge Bus la (Bis Pon Liv la)
- Aprann Angle avèk pwogram Rosetta Stone
- Òdinatè pou paran yo itilize
- Materyèl bileng
- Sware jwèt pou fanmi yo e sware aktivite manyèl yo ofri 4 fwa nan ane a
- Kafè ak konvèsasyon yo ofri pou paran premye ak twazyèm vandredi chak mwa nan chak sant
- Vizit gadmanje mobil AGAPEchak kenzen nan diferant sant.
- Èd GRATIS nan DEVWA elèv klas K-8è ane madi ak jedi ant 3-6 PM
- Atelye GRATIS pou paran sou chache kont, elve timoun nan fason pozitif, konduit, edikasyon sou finans, sou entèvyou pou travay, abi pwodi entèdi, zafè lekòl, kondisyon gradyasyon, tès, ekri palmarès, jan pou itilize bibliyotèk piblik ou, fè manje ki bon pou lasante, pwoteksyon sou entènèt, pwoteksyon sou bisiklèt ak anpil lòt sijè ankò.

Sit Entènèt Sant Paran yo

www.polk-fl.net/parents/involvement/pirc.htm

Sit Entènèt Inivèsite Paran yo

www.polk-fl.net/parents/involvement/plug.htm



Inivèsite Paran Tit I

12 septanm nan Lekòl Segondè Lake Region

Dat pwobab —27 fevriye, lokal pou byento

8:30 AM -1:00 PM

Prensipal moun k'ap pale, atelye pou paran yo, transpò GRATIS, Gadri plas limite, dine, prim sipriz!

Nan 2015-2016 la, lekòl sa yo kalifye pou resevwa sèvis Tit I.

51 lekòl primè
18 lekòl entèmedyè
8 lekòl segondè
6 lekòl mik

Lekòl Primè	Lekòl Entèmedyè (6-8)	Lekòl Segondè (9-12)
Alta Vista	Lake Alfred	Lekòl Entèmedyè Bartow
Alturas	Lake Shipp	Lekòl Entèmedyè Boone
Auburndale Central	Laurel	Compass Middle Charter School*
Ben Hill Griffin Jr.	Lena Vista	Lekòl Entèmedyè Crystal Lake
Boswell	Lewis Anna Woodbury	Lekòl Entèmedyè Denison
Caldwell	Loughman Oaks	Discovery Academy nan Lake Alfred*
Churchwell	Medulla	Akademi Dundee Ridge
Combee	North Lakeland	Akademi Daniel Jenkins
Crystal Lake	Oscar J. Pope	Lekòl Entèmedyè Kathleen
Dixieland	*Our Children's Acad.	Lekòl Entèmedyè Lake Alfred Addair
Dr. N.E.Roberts	Padgett	Lekòl Entèmedyè Lake Gibson
Dundee	Palmetto	Lake Marion Creek (K-8)
Eagle Lake	Phillip O'Brien	Lekòl Entèmedyè McLaughlin
Eastside	Pinewood	Lekòl Entèmedyè Mulberry
Elbert	Polk City	Lekòl Entèmedyè Sleepy Hill
Floral Avenue	Purcell	Lekòl Entèmedyè Southwest
Frostproof	R. Bruce Wagner	Lekòl Entèmedyè Stambaugh
Garden Grove	Sandhill	Lekòl Entèmedyè Westwood
Garner	Sleepy Hill	Lekòl Segondè (9-12)
Gibbons Street	Snively	Fort Meade (6-12)
Griffin	Socrum	Frostproof (6-12)
Horizons	Southwest	Lekòl Segondè Haines City
Inwood	Spook Hill	Lekòl Segondè Kathleen
Jesse Keen	Stephens	*New Beginnings (6-12)
Kathleen	Wahneta	Ridge Community
Kingsford	Winston	Lekòl Segondè Tenoroc
		Lekòl Segondè Mulberry
		ESE Centers
		Doris A. Sanders (PK, K-12)
		Jean O'Dell (PK-12)
		Akademi Karen M. Siegel (PK-12)
		Akademi Roosevelt (PK, 6-12)

* Lekòl Charter



Lekòl Piblik TIT I nan Depatman Polk la Rezime Plan Patisipasyon Paran yo



Paran,

Mèsi paske w pran tan pou w li Rezime Plan Patisipasyon Paran sa a. Yo mete tout Plan Patisipasyon Paran Tit I Distri a disponib pou ou nan sit entènèt distri a, nan sit entènèt chak lekòl ki fè pati pwogram Tit I e nan chak lekòl Tit I nan kaye patisipasyon paran Tit I nan biwo lekòl la.

Ou pral resevwa tou yon Rezime Plan Patisipasyon Paran Lekòl la ak Pake Kontra Lekòl-Paran an. Tout Plan Patisipasyon Paran Lekòl la ap sit entènèt chak lekòl nan kaye patisipasyon paran Tit I nan biwo lekòl la.

Si w enterese fè pati komite a pou revize e evalye plan distri a epi fè sijesyon pou plan 2016-2017 la, tanpri kontakte kòdonatè patisipasyon paran an nan biwo Tit I an.

Mèsi.

Dr. Maria Longa,

Direktè Alatèt Pwogram Federal e Administratè Lajan Gouvènman Bay

Denise Atwell,

Kòdonatè Patisipasyon Paran Lekòl Tit I yo

Lekòl Piblik nan Depatman Polk la

Pwogram TIT I

PO Box 391

Bartow, Florida 33831

863-534-0646

<http://www.polk-fl.net/districtinfo/departments/learning/title1>

